

# DONE REZILTA DELAWARE

Rezilta twa timoun yo refere a konesans timoun yo bezwen mete ansanm ak aksyon yo egzije yo pou li fonksyon ak siksè atravè kad yo. Pou reyisi, li enpòtan pou timoun yo anmezi pou yo antann yo ak lòt yo, swiv prensip ki tabli nan gwoup, kontinye aprann nouvo bagay, epi pran responsablite nesesite fondamantal yo nan yon mannyè ki apwopriye. Reyalize rezilta sa yo ap ede timoun yo travay lakay, nan lekòl, ak nan anpil kad nan kominote yo.

Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (tankou Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo dapre IDEA. Eta yo gen egzijans pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta timoun ki gen andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ané. Rezilta yo kouvri domèn tankou tankou kantite gradyasyon, kantite abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan lekti ak matematik, ansanm avèk respè pou lwa sou edikasyon yo



## Endikatè 7A- Rezilta nan Ti Anfans pou Konpetans Emosyonèl Sosyal

Pousantaj timoun preskolè nan IEP ki genyen soti 3 rive 5 lane ki montre amelyorasyon nan twa Rezilta Ti Anfans annapre yo:

A. Konpetans sosyal ak emosyonèl pozitif yo(sa ki gen ladan I relasyon sosyal yo);

### Mezi & Kalkil:

**Deklarasyon Rezime 1:** Lekòl preskolè timoun ki antre nan pwogram preskolè anba laj ke yo atann yo nan chak rezilta, pousantaj ki ogmante yon mannyè konsiderab to kwasans yo avan yo gen laj 6 lane oubyen kite pwogram nan.

Pousantaj timoun preskolè ki te amelyore fonksyonnan nan nivo ki pi pre kamarad ki gen menm laj yo men ki pa t reyisi	(+)	Pousantaj timoun preskolè ki te amelyore fonksyonnan pou rive nan yon nivo ki ka konpare ak kamarad ki gen menm laj yo	(+)			
Pousantaj timoun preskolè ki pa t amelyore	(+)	Pousantaj timoun preskolè ki te amelyore fonksyonnan men pa ase pou rive nan yon nivo fonksyonnan ki ka konpare ak kamarad ki gen menm laj yo	(+)	Pousantaj timoun preskolè ki te amelyore fonksyonnan nan yon nivo ki pi pre kamarad ki gen menm laj yo men ki pa t reyisi	(+)	Pousantaj timoun preskolè ki te amelyore fonksyonnan pou rive nan yon nivo ki ka konpare ak kamarad ki gen menm laj yo

### Done sou Rezilta Istorik 7A: Deklarasyon Rezime 1:

FFY	2014	2015	2016	2017	2018	2019	2020
Target	86.20%	87.40%	88.60%	89.80%	91.00%	91.00%	86.00%
Actual Data	85.86%	89.27%	89.89%	91.25%	89.78%	85.99%	